



FICH ENFÒMASYON #11

Oto-Sifizans Familyal (FSS) ak Opòtininite Rezidan ak Oto-Sifizans (ROSS)



Residan yo pral kontinye kapb benefisyé de pwogram "oto-sifizans" yo tankou
Pwogram **Oto-Sifizans Familyal (FSS) ak Opòtininite Rezidan pou Oto-Sifizans (ROSS)**



Apre RAD Èske Mwen Kapab Toujou Patisipe nan FSS oswa ROSS?

Wi. Si ou aktyèlman patisipe nan pwogram sa yo nan pwopriyete lojman publik ou a, ou ka kontinyepatisipe nan pwogram Oto-Sifizans Familyal (FSS) ak Opòtininite Rezidan ak Oto-Sifizans (ROSS) yon fwa pwopriyete w la konvèti atravè Demonstrasyon Asistans Lwaye (RAD)



Kisa Pwogram FSS la ye?

FSS se yon pwogram volontè ki ede fanmi yo jwenn ak konsève yon anplwa ki peye (sa vle di travay ki bay ase revni pou satisfè bezwen debaz yon fanmi) nan konekte rezidan yo avèk sèvis yo tankou swen timoun, transpò, edikasyon, fòmasyon pwofesyonèl, konsèy nan zafè travay, plasman travay, ak konsèy nan zafè toksikomani oswa abi alkòl. Si w chwazi pou patisipe nan pwogram FFS la nan pwopriyete lojman publik la, ou te antre nan yon **Kontra Patisipasyon** senk ane, ki te idantifye règ pwogram nan, aktivite ou ta fè, ak objektif pwogram ou yo.

Pou fè pwogram nan mache, otorite lojman publik la (PHA) te ka aplike pou HUD pou yon sibvansyon yon ane pou finanse yon **kowodonatè sèvis ki** konekte rezidan yo ak resous yo. PHA ta genyen kreye touyon **kont sekès FSS** pou ou. Si revni ou geyen an ogmante pandan pwogram nan, ou te peye lwave ki ogmante bay PHA w la tankou nenpòt lòt rezidan, men PHA mete lwave adisyonèl la nan kont sekès ou. Fon ki plase nan kont sekès disponib pou ou lè pwogram FSS la konplete avèk siksè.



Kijan RAD Afekte FSS?

Lè yon pwopriyete lojman publik pase ap RAD, tsous finansman pou konsève ak fè fonksyone pwopriyete a ak règ ki reji pwopriyete ki pase de pwogram lojman publik a pwogram Seksyon 8 HUD. Atravè RAD, PHA a ka konvèti lojman publik la an swa Koupon ki Baze sou Pwojè (PBV) oswa Asistans Lwave ki Baze sou Pwojè (PBRA). Tou depan nan ki pwogram lojman konvèti apre RAD, mèt pwopriyete yo ka oswa ka pa kapab aksepte nouvo patisipan nan pwogram FSS. **Sepandan, nan youn oswa lòt ka, si ou déjà patisipe nan FSS nan pwopriyete lojman publik ou a, w ap toujou kapab patisipe nan FSS apre konvèsyon RAD la.**

Hoja Informativa #11: Autosuficiencia Familiar (FSS) y Oportunidades y Autosuficiencia de los Residentes (ROSS)

Si pwopriyete w la konvèti an Koupon ki Baze sou Pwojè, li fè pati pwogram (HCV) Koupon Chwa Lojman(HUD) . Pwogram HCV gen yon pwogram FSS (ki rele HCV FSS) pou rezidan menm janpwogram lojman piblik la gen yon pwogram FSS pou rezidan yo. Si w patisipe nan pwogram FSS la nan pwopriyete lojman piblik ou a epi:

- **PHA gen yon pwogram HCV FSS pr,** PHA dwe konvèti w an pwogram HCV FSS la.
Nan senaryo sa a, PHA kapab tou enskri nouvo patisipan nan pwogram HCV FSS la si gen espas.
- **PHA pa gen yon pwogram HCV FSS,** PHA dwe etabli yon pwogram HCV FSS epikonvèti w nan pwogram nan. Nan senaryo sa a, PHA pa oblige enskri okenn nouvo patisipan nan pwogram HCV FSS la.

Jeneralman, pou nouvo patisipan yo nan pwogram HCV FSS la, règ yo pèmèt yon PHA rezilye asistans lwaye w la si ou pa respekte Kontra Patisipasyon w lan. Sepandan, si w ap **patisipe kounye a nan** pwogram FSS la nan lojman piblik epi ansuit konvèti l an pwogram HCV FSS atravè RAD, PHA ka **pa** rezilye asistans lwaye w la pou rezon sa a.

Si pwopriyete w la konvèti an asistans lwaye ki baze sou pwojè epi ou patisipe nan pwogram FSS la nan pwopriyete lojman piblik ou a, ou pral kontinye patisipe nan menm pwogram FSS la yon fwa lojman w lan konvèti nan kad RAD. Mèt pwopriyete a pral kontinye ba ou Kowodonatè Sèvis epi fè peman nan kont sekès ou a jiskaske Kontra Patisipasyon w lan fini. Pwopriyetè a pa oblige enskri nouvo patisipan men li chwazi jere pwòp pwogram volontè FSS li.



Kisa Pwogram ROSS la ye?

Pwogram ROSS la bay sèvis sipò ak aktivite otonomizasyon nan pwopriyete lojman piblik yo. **Kowodonatè Sèvis** ROSS yo travay avèk fanmi yo pou ogmante revni yo epi vin oto-sifizan, epi avèk rezidan gramoun aje yo oswa rezidan ki gen andikap yo pou amelyore kondisyon vi yo pou yo ka vyeyi an plas. Nan lojman piblik, PHA yo, konsèy rezidan yo, ak òganizasyon ki pa pou fè pwofi yo ka aplike nan HUD pou sibvansyon twa ane pou finanse kowòdonatè sèvis ROSS yo.



Kijan RAD Afekte ROSS?

Si pwogram lojman piblik ou a gen yon Kowodonatè Sèvis ROSS kounye a epi pwopriyete w la konvèti atravè RAD, ou ka kontinye patisipe nan pwogram ROSS la jiskaske finansman sibvansyon twa ane a depanse. Yon fwa lajan yo depanse, pwopriyete a pa ka sèvi pa finansman ROSS ankò paske Section 8 la pa gen yon pwogram ROSS.